# QARAQALPAQ HAYAL-QÍZLAR LIRIKASÍNDA MOTIVLERDIŃ MAZMUNLÍQ TÁREPTEN ÓZGESHELIKLERI

**Mnajatdinova Makarya Jumabaevna**
**Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası**
https://doi.org/10.5281/zenodo.20952985

***Gilt sózler***: *Motiv, túrtki,lirika, muhabbat motivi, tábiyiy motiv, filosofiyalıq motiv, social hám tariyxıy motiv,ekzistencial motiv*

Dúnya ádebiyattanıw iliminde motivler epikalıq shığarmalardıń ajralmas bólegi sıpatında úyreniledi. Motivtiń úyreniliw tariyxına názer taslasaq, dáslep xalıq awızeki dóretpeleriniń epikalıq shığarmalarıda úyrenilgen bolsa, keyingi dáwirlerde jazba ádebiyatta da úyrenilip atırǵanlıǵınıń gúwası bolamız. Motivler epikalıq shığarmalarda syujet tiykarın payda etiwshi element sıpatında úyrenilip, ishki keshirmeler tiykarın qurıwshı lirikalıq shığarmalardaǵı motivlerge kem itibar qaratılǵan. Kópshilik ilimpazlar da lirikalıq shığarmalardı analizlegende motiv terminin hesh qanday túsindirmelersiz qollanılıp kelgen.

Motiv hám motivaciya sózleri kelip shıǵıwı boyınsha latın tiline tiyisli bolıp motiv - «túrtki», «júrgiziwshi sebep» degen mánilerdi ańlatsa, al motivaciya túrtki hám sebepler jıyındısı esaplanadı. Lirikada motiv shığarmanıń mazmunın, tematikalıq jónelisin anıqlap qoymastan, shayırdıń ishki kewil keshirmelerin shuqır ashıp beriwshi tiykarǵı element wazıypasın atqaradı. Qosıq tekstindegi motivler ráńbáreń bolıwı hám insan ómirindegi muhabbat, barlıq, ózlik, tábiyat, ólim menen baylanıslı bolıwı múmkin. Bul arqalı shayır jeke tájriybesi menen barlıq insanıylıq sezimler arasında kópir jaratadı hám qosıqta keltirilgen tiykarǵı uǵım oqıwshınıń tereń pikirlewine járdem beredi. Sonday-aq, lirikada motivler mazmunlıq tárepten tómendegishe kórsetiledi:

«1. Muhabbat motivleri – reflekciya muhabbat hám ayralıqtıń tereń sezimleri;

2. Tábiyiy motivler – ishki keshirmelerdi hám keypiyattı ańlatıw ushın tábiyat súwretlewleri;

3.Filosofiyalıq motivler – taǵdir, ómirdiń mánisi hám álemniń barlıq sorawları;

4.Social hám tariyxıy motivler – sociallıq hám tarıyxıy waqıyalarǵa qatnaslı sın pikir bildiriw yamasa maqtaw;

5.Ekzistensial motivler – barlıq, ózlik, ólim qáweteri hám jalǵızlıq mánisin izleydi»[1].

Muhabbat motivleri – reflekciya muhabbat hám ayralıqtıń tereń sezimleri:

P.Mırzabaevanıń "Tún uyqımdı urlaǵan qara kózli, armanlı jigit..."(2,12) dep baslanatuǵın qosıǵında lirikalıq subyekt ruwxıyatındaǵı sezimlik tolǵanıslar tereń psixologiyalıq boyawlarda sáwlelendiriledi. Shığarmanıń baslanǵısh qatarlarında muhabbat sezimi lirikalıq qaharmannıń tınıshlıǵın buzǵan tús retinde kórsetiledi: "Tún uyqımdı urlaǵan qara kózli, armanlı jigit..." (2,12). Bul metaforalıq obraz qaharmannıń sanasında payda bolǵan oylawlar hám ishki tolǵanıstı bildirip sezimniń intensivligin kúsheytedi. "Uyqını urlaw" obrazı muhabbattıń qaharman ruwxıyatına tereń sińdip ketkenin anıqlaydı.

Keyingi qatarlarda tábiyat detallarınıń poetikalıq funkciyası arqalı lirikalıq halat keńeyttirilip beriledi: "Tınıq aspan, juldızlı tún bárin-bárin keshirsin" (2,12). Bul qatarda tınıq aspan hám juldızlı tún obrazları lirikalıq keshirme menen paralell berilip, shığarmanıń emociyanal fonın qáliplestiredi. Tábiyat hám insan ruwxıyatınıń bir-birine sáykes kórinisi poetikalıq stildiń áhmiyrtli bergileriniń biri esaplanadı.

Qosıqtıń keyingi qatarlarında lirikalıq qaharman muhabbat obyekti menen baylanıslı táǵdirlik tosqınlıqtı sezedi: "Seni ózge baǵ lalası biyxush etip ketken-di..." (2,12). Bul qatarlar

muhabbat obyekti basqa ómir jolın tańlaǵanın bildirip, qaharman sezimlerinde arman hám ayralıq keshirmelerin payda etedi. Nátiyjede shıǵarmada romantikalıq tuyǵı dramatikalq boyawlar menen tolıqtırıńıp, ishki konflikt kúsheytiledi. Shıǵarmanıń sońǵı qatarlarında lirikalıq qaharman sezimleriniń izleri tek estelikler hám jazba túrde qalıp baratırǵanı aytıladı: "Endi jalǵız aq qaǵazǵa dárt tógedi, dilbarıń" (2,12). Bul obraz lirikalıq subyekttiń ishki dúnyasın, sezim tolǵanısların ashıp, oqıwshıǵa jetkeredi. Sezimlerdiń aq qaǵazǵa kóshiriliwi lirikalıq qaharman obrazındaǵı shayırdıń dóretiwshilik sheberligin, poetikalıq intuciyasın hám poetikalıq ózin-ózi túsiniw jaǵdayın kórsetip, lirikalıq subyekttiń ishki dúnyasın tolıq sáwlelendiredi.

Demek, atalǵan qosıqta muhabbat, saǵınısh, arman hám ayralıq halatları lirikalıq qaharmannıń psixologiyalıq jaǵdayı arqalı berilip, shayıranıń poetikalıq stiline tán sezimlik tereńlikti anıqlaydı.

Tábiyiy motivler – ishki keshirmelerdi hám keypiyattı ańlatıw ushın tábiyat súwretlewleri:

P.Mırzabaeva «Átteń seniń ómiriniń gúz paslında jolıqtım, begim» dep baslanatuǵın qosıǵında da óz kórinisin tabadı.

Máselen:

«Átteń seniń ómiriniń gúz paslında jolıqtım, begim,
Gúl baǵlarıń sáyir eter báhár paslı kelmeske ketken...
Baxtıń bolıp jolıqtım ba, bul tárepi maǵan namálim,
Tańǵı shıqtay pák qálbimdi senlik sezim biylegen tek te.» [2,21]

Bul qatarlar poetikalıq obrazlarǵa bay bolıp, onda waqıt faktorı áhmiyetli ideyalıq júkti kóteredi. Qosıqta qollanǵan "gúz paslı" obrazı simvollıq mánige iye bolıp, lirikalıq qaharman ómirinde muhabbat seziminiń kesh payda bolǵanın bildiredi. Túrkiy poetikalıq dástúrde "gúz" kóbinese waqıttıń ótiwi hám keshikken sezimlerdiń belgisi sıpatında qollanadı.

Ekinshi qatarda keltirilgen "báhár paslı kelmeske ketken" obrazı bolsa lirikalıq qaharmannıń muhabbatı ómiriniń báhár dáwirinde emes, al waqttı ótip ketkennen keyin ushratqanın bildirip ishki arman sezimin kúsheytedi. Bunda báhár hám gúz obrazlarınıń qarama-qarsı qoyılıwı poetikalıq kontrast payde etip, shıǵarmanıń emociyanallıq tásirin tereńlestiredi.

Demek qosıqtıń birinshi shuwmaǵında mezgilsiz muhabbat motivi poetikalıq obrazlar arqalı berilip lirikalıq qaharmannıń ishki keshirmelerin hám arman sezimlerin sáwlelendiriwge xızmet etedi.

Qosıqtıń keyingi qatarlarında lirikalıq qaharmannnıń taǵdiri menen baylanıslı qarama-qarsılıq jańa poetikalıq boyawlarda sáwlelendiriledi. Shayır muhabbat sezimin tek romantikalıq quwanısh retinde emes, al taǵdir menen baylanısqan quramalı ruwxıy halat retinde analızlenedi:

«Biz biyhuwda jolıqqanbız, ózgeniki bolıwımız shárt...» bul qatarlar muhabbat hám táǵdir ortasında qalǵan ishki dramatizmdi kórsetedi. Ashıqlıq sezimi bar bolǵanı menen, taǵdir sebepli ashıqlar birge bolıwı múmkin emesligi aytıladı. Nátiyjede lirikalıq mazmunda ayralıq hám arman sezimleri payda boladı. Lirikalıq qaharman muhabbattı saqlap qalıw múmkin emesligin sezedi. Bul halat mezgilsiz (keshikken) muhabbat motivin jańa psixologiyalıq qırınan ashıp beredi.

Filosofiyalıq motivler – taǵdir, ómirdiń mánisi hám álemniń barlıq sorawları:

N.Tóreshovanıń «Áziyzim» qosıqlar toplamına kirgen «Ómir–bul tilsim...» dep baslanatuǵın qosıǵına dıqqat qaratayıq:

Ómir–bul tilsim, bir jaǵı–suw, bir jaǵı–ot,
Pániy dúnya hám aqıretti biriktirer kópiri bar.
Bul kópir sonday tayǵaq, jıǵıladı, qararı joq,
Ottan yaki suwdan tartar, azabı bar, jábiri bar... [3, 27].

Shayır insan ómirin ot hám suw ortasındaǵı bir sırlı jumbaqqa o, dúnya menen bul dúnyanı tutastırıwshı tayǵaq kópirge obrazlı túrde parallel qoyıp súwretlep, kimde-kim óz jolınan adassa ómirdiń awır soqqılarınan jábir tartatuǵının tayǵaq kópir, ot hám suw metaforaları menen jetkerip beredi. Qosıq qatarlarında insan qádir-qımbatı, adamgershiligi onıń ómiriniń baslı qádiriyatı ekenligi haqqındaǵı juwmaqtı beredi.

Social hám tariyxıy motivler – sociallıq hám tarıyxıy waqıyalarǵa qatnaslı sın pikir bildiriw yamasa maqtaw:

N.Tóreshova shıǵarmalarında ómirdiń álwan túrli qubılısların sáwlelendiriw menen jámiyetlik turmıstı túsiniwge, turmıstı ózgertiw ushın kerekli jámiyetlik tilek-maqsetlerdi tanıp biliwge úyretetuǵınlıǵın ańlaymız.

Qolımdı pana etip adım ataman,
Kózim ashılmaydı, qumlardan, duzdan,
Ózin bunda jekke hákim sanaǵan,
Dawıl qutırar gellesi qızǵan.
Kózdi ashtırmaydı qutırar dawıl,
Mazaq etip bizge hújim jasaydı,
Aq kewil xalıqqa bárqulla jábir,
Awır tágdir sirá nesip qusaydı.

Eger bul mısaldı tuwrı mánide mazmunı jaǵınan tallaytuǵın bolsaq, ózimiz jasap atırǵan ortalıq, kúndelikli turmıs, Aral apatına baylanıslı awır ekologiyalıq jaǵday qorshaǵan tábiyattı súwretlew arqalı jetkerip berilgenligin kóremiz. 1997-jıllardaǵı awır kórinisi.

Aral apatınıń joqarıda súwretlengen awır halatın kózi menen kórmegen, onı kóz aldına keltire almaytuǵın búgingi kún oqıwshısı kózqarasınan qaraytuǵın bolsaq, shayırdıń ruwxıy halatınıń sáwlelendiriliwi. Bunı tágdiri qatal hár bir oqıwshı óziniń ishki halatın oqıp atırǵanday sezinip oqıydı. Demek, shayır dóretiwshiliginde usınday haqqında aytqanda pútkil xalıq yaki adamzat atınan sóz ayta alıw ózgesheligin kóremiz. Qosıq shayırdıń jeke qaygı-quwanıshları menen sheklenip qalmaydı, al pútkil adamzattıń kewline qozǵaw sala alatuǵın sap kórkem tuwındı dárejesine kóteriledi.

Ekzistensial motivler – barlıq, ózlik, ólim qáweteri hám jalǵızlıq mánisin izleydi:

N.Tóreshovanıń «Mángilik qosıǵımsań» toplamına kiritilgen «Meniń qosıqlarım muńlı jazılǵan» dep baslanatuǵın qosıǵında adamnıń ómiri, tágdir, qaygı-quwanısh, sınaw hám óziniń barlıǵın ańlaw máseleleri kóteriledi. Bul qosıqtıń baslı ekzistensiallıq motivi – adamnıń ómir jolındaǵı sınawlar arqalı óziniń kim ekenin tabıwı hám ómir mánisin tabıwı hám ómir mánisin ańlawı.

Táǵdir hám ómir sınawları motivi qosıqtıń dáslepki qatarlarında avtor óziniń qosıqlarınıń muńlı ekenligin taǵdirindegi kóp sınawlar menen baylanıstıradı: «Meniń qosıqlarım muńlı jazılǵan, Sebep, taǵdirimde muńlar kóp boldı» [4]. Bul qatarlarda adam óziniń ómir tájriybesin qabıllap, qaǵıydalardıń ómirdiń ajralmas bólegi ekenin túsinedi. Ekzistenciyalizmde adam óz taǵdirine juwapker bolıp, onı ańlap jetiwge tırısadı.

Qosıqtıń keyingi shuwmaqlarında «Bellerin qayısıp dize búkpedim, qamshı etip erdim júrek hámirin.» Bul qatarlarda bolsa, adamnıń ishki azabı, ruwxıy qıynalıwı berilgen. Biraq lirikalıq qaharman sınbaǵan, ómirin dawam ettirgen. Bul ekzistenciyallıq sabır hám erkinliktiń kórinisi.

Lirikada motiv – shıǵarmada ayrıqsha áhmiyetke iye bolǵan tákirarlanıwshı element. Lirikadaǵı motiv tákirarlanǵan sóz, obraz, halat yaki ideya menen túsindiriliwi múmkin. Motiv

avtordıń niyetin túsindiriw, ańlaw ushın zárúrli. Onı pútin bir qosıq tekstinende yaki bir shuwmaqtanda baqlaw múmkin[5].

Juwmaqlap aytqanda, házirgi qaraqalpaq hayal-qızlar lirikasında muhabbat, tábiyiy, filosofiyalıq, social hám tariyxıy, sonday-aq ekzistencial motivler keń qollanıladı. Bul motivler shayırdıń ishki dúnyasın, ruwxıy izlenislerin hám jámiyetke bolǵan kózqarasın ashıp beredi. Sol sebepli házirgi hayal-qızlar lirikası mazmunlıq jaqtan bay bolǵanlıqtan, qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwında áhmiyetli orın iyeleydi.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. https://ru.skysmart.ru/Виды мотивов в лирике.
2. Мырзабаева П. Ышқы тарлары. Қосықлар. – Нөкис: Қарақалпақстан.1985.
3. Төрешова Н. Әзийзим. Қосықлар топламы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2009.
4. Төрешова Н. Мәңгилик қосығсаң. Қосықлар топламы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2023.

https://foxford.ru/wiki/literatura/the-motive-in-the-lyrics